

# Lis sèvis ki kouvri pou manm Primary Care ACO ak PCC Plan nan kouvèti MassHealth Standard & MassHealth CommonHealth

## Pèspektiv jeneral

Tablo ki annapre la se yon apèsi sou sèvis e avantaj ki kouvri pou manm MassHealth Standard and Commonwealth ki enskri nan yon òganizasyon swen responsab pou swen primè (Primary Care Accountable Care Organization, PCACO) oubyen nan plan klinisyen pou swen primè (Primary Care Clinician, PCC). Tout sèvis e benefis founi an dirèk pa MassHealth, eksepte pou sèvis swen konpòtmantal, ki kouvri pa founisè endepandan MassHealth pou swen konpòtmantal, Massachusetts Behavioral Health Partnership (MBHP).

Tablo a montre tou si chak sèvis egzije pou gen

- yon referans (apwobasyon founisè premye swen nan klinik [primary care clinician, PCC] ou a oubyen doktè premye swen [primary care provider, PCP] ou a) ;
- otorizasyon alavans (pèmasyon MassHealth oubyen youn nan founisè nou yo) ; oubyen
- toude yon referans e otorizasyon alavans pou resevwa sèvis la.

Gen plis enfòmasyon sou otorizasyon alavans epi sou referans nan livrè manm ou an. Anvan w resevwa sèten sèvis, founisè yo gendwa mande enfòmasyon pou bezwen swenyaj ou a pou deside si sèvis la konvni e pou anrejistre w pou sèvis la nan plan medikal ou a (si nesèsè). Epi tou, konnen tanpri apati 1<sup>ye</sup> avril 2024, pa gen okenn kopeman pou okenn sèvis MassHealth kouvri.

Ou gendwa telefonnen sant sèvis kliyantèl MassHealth la tou nan nimewo (800) 841-2900, TDD / TTY : 711 pou w jwenn plis enfòmasyon sou sèvis e benefis epi pou w poze kesyon.

- Pou kesyon sou sèvis swen konpòtmantal, telefonnen tanpri MBHP nan nimewo (800) 495-0086, TDD / TTY : 711 oubyen monte nan [providers.masspartnership.com/member/FindBHProvider.aspx](https://providers.masspartnership.com/member/FindBHProvider.aspx).
- Pou enfòmasyon siplemantè sou sèvis famasi, telefonnen nan nimewo (800) 841-2900, TDD / TTY : 711 oubyen wè lis medikaman MassHealth yo nan [www.mass.gov/druglist](https://www.mass.gov/druglist).
- Pou kesyon sou sèvis dan, telefonnen tanpri nan nimewo (800) 207-5019, TDD / TTY : 711 oubyen monte nan [www.masshealth-dental.net](https://www.masshealth-dental.net).

Sonje tanpri sèvis e benefis MassHealth kouvri ap chanje detanzantan e gendwa disponib poutèt COVID-19. Lis sèvis ki kouvri yo se inikman pou enfòmasyon jeneral e pa ta dwe sèl sa ki ede w wè si gen kouvèti MassHealth pou sèvis ou bezwen an. (Pa egzanp, gendwa gen limit nan sa ki kouvri pou yon sèvis.) Pi bon jan pou wè si sèvis ou bezwen an kouvri se telefonnen sant sèvis kliyantèl MassHealth la nan nimewo (800) 841-2900, TDD / TTY : 711 lendi pou vandredi ant 08:00 a.m. jouk 05:00 p.m.

Epi tou, règleman MassHealth yo kontwole sèvis e benefis ki kouvri e ki disponib pou ou. Pou wè règleman MassHealth yo, monte nan [www.mass.gov/masshealth-and-eohhs-regulations](https://www.mass.gov/masshealth-and-eohhs-regulations).

Sèvis MassHealth Standard e CommonHealth kouvri	Èske otorizasyon alavans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?	Èske referans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?
<b>Sèvis dijans</b>		
<b>Sèvis dijans pou pasyan ospitalize e pa ospitalize</b>	Non	Non
<b>Sèvis medikal</b>		
<b>Sèvis avòtman</b>	Non	Non
<b>Tretman akiponkti</b> — pou itilize pou soulajman doule oubyen anestezi.	Non	Wi
<b>Sèvis ospitalye pou swen egi pasyan ki ospitalize</b> — sa gen ladan tout sèvis pou pasyan ki ospitalize nan yon lopital swen egi, tèlke entèvansyon kotidyen yon doktè, operasyon, obstetri, sante konpòtmantal, radyoloji, laboratwa, e lòt pwosedi dyagnostik e tretman. Sa gen ladan tou jou ki nesèsè sou plan administratif la. Gendwa egzije yon egzamen preleminè.	Wi	Non
<b>Sèvis ospitalye swen egi pou pasyan ki pa ospitalize</b> — sèvis nan yon depatman konsiltasyon pou pasyan ki pa ospitalize oubyen nan klinik satelit yon lopital. Jeneralman se yon doktè ki founi, dirije, oubyen preskri yo. Gen nan sèvis yo swen espesyalize, sèvis obsèvasyon, chiriji nan yon jou, sèvis dyagnostik, e sèvis reyadaptasyon.	Wi	Wi

Sèvis MassHealth Standard e CommonHealth kouvri	Èske otorizasyon alavans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?	Èske referans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?
<p><b>Sèvis swen lajounen pou adilt</b> — sèvis nan sant, ofri pa founisè swen lajounen pou adilt ki sètifye pa Ministè pou sante piblik (Department of Public Health), gen pou objektif jeneral reponn nan aktivite lavi kotidyen (activities of daily living, ADL) epi/ oubyen bezwen enfimye / enfimye konpetan e terapetik, epi gendwa gen</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Sèvis enfimye / enfimye e siveyans sante</li> <li>• Sèvis nitrisyonèl oubyen dyetetik</li> <li>• Jesyon swen e defans epi soutyen sèvis sosyal</li> <li>• Aktivite konsèy</li> <li>• Transpò</li> </ul>	Wi	Non
<p><b>Sèvis plasman nan fanmi dakèy pou adilt (Adult Foster Care, AFC)</b> — sèvis ki baze nan kominote a e ki founi bay manm ki alaj 16 lane epi pi gran nan men yon èd famiyal ki rete ak manm lan e ki okipe bezwen manm lan nan</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Aktivite lavi kotidyen (Activities of daily living, ADL) epi</li> <li>• Aktivite enstrimantal nan lavi kotidyen (Instrumental activities of daily living, IADL).</li> </ul> <p>Founisè AFC a okipe siveyans enfimye / enfimye e jesyon swen pou sèvis ki founi bay manm lan.</p>	Wi	Non
<p><b>Sèvis chiriji anbilatwa</b> — sèvis chirijikal, dyagnostik, e medikal ki founi dyagnostik oubyen tretman nan pwosedi chirijikal, sa gen ladan chiriji nan bouch, ki nesosite anestezi jeneral, lokal, oubyen rejyonal pou pasyan ki pa bezwen ospitalizasyon oubyen sèvis lannuit lè pwosedi a fini, men ki bezwen sipèvizyon medikal konstan pou yon ti kantite tan apre pwosedi a fin fèt.</p>	Wi	Wi
<p><b>Sèvis odyolojis (pou tannman)</b> — gen nan sèvis yo, men se pa inikman, tès ki anrapò avèk desizyon pou yon pèt oditif, evalyasyon pou aparèy pou tande, preskripsyon pou aparèy nan zòrèy pou tande, e reyadaptasyon oditif.</p>	Non	Wi
<p><b>Sèvis kiwopratik</b> — tretman manipilasyon kiwopratik, konsiltasyon nan klinik, e kèk sèvis radyoloji (pa egzanp, radyografi).</p>	Non	Wi
<p><b>Sèvis yon lopital reyadaptasyon e maladi kwonik (Chronic Disease and Rehabilitation Hospital, CDRH)</b> — sèvis nan yon CDRH pou jiska 100 jou entène. Apre 100 jou nan yon CDRH, manm yo ap transfere depi plan yo genyen an ale nan MassHealth sèvis peyan pou yo kontinye resevwa sèvis CDRH. (Note byen : Manm ki resevwa tou sèvis nan etablisman swen enfimye / enfimye ap transfere apre 100 jou konbinezon sèvis CDRH e etablisman swen enfimye / enfimye.)</p>	Wi	Non
<p><b>Sèvis sant medikal kominotè</b> — gen kòm egzanp</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Konsiltasyon nan kabinè espesyalize</li> <li>• Sèvis OB / GYN</li> <li>• Sèvis pedyatri, sa gen ladan sèvis depistaj, dyagnostik, e tretman annavans e peryodikman (Early and Periodic Screening, Diagnostic and Treatment, EPSDT)</li> <li>• Sèvis mediko-sosyal</li> <li>• Sèvis nitrisyon, sa gen ladan fòmasyon pou jesyon otònòm dyabèt e terapi nitrisyonèl medikal</li> <li>• Vaksen / iminizasyon</li> <li>• Edikasyon sou lasante</li> </ul>	Non	Wi

Sèvis MassHealth Standard e CommonHealth kouvri	Èske otorizasyon alavans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?	Èske referans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?
<p><b>Sèvis adaptasyon lajounen</b> — sèvis yon ofri nan yon sant pou manm ki gen andikap entelektyèl oubyen devlopmantral ki ofri pa yon founisè adaptasyon lajounen gendwa se</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Sèvis enfimye / enfimye e siveyans swen sante</li> <li>• Fòmasyon konpetans devlopmantral</li> <li>• Terapi oubyen aktivite endividyalize</li> <li>• Èd nan aktivite lavi kotidyen (activities of daily living, ADL)</li> </ul>	Non	Non
<p><b>Fòmasyon pou jesyon otonòm dyabèt</b> — fòmasyon pou jesyon otonòm dyabèt e sèvis edikatif ki founi bay moun ki gen swa pre-dyabèt oswa dyabèt nan men yon doktè oubyen pwofesyonèl swenyaj diplome e kalifye (pa egzanzp, enfimye / enfimye otorize, doktè adjwen, enfimye / enfimye praktisyen / praktisyèn e dyetetisyen / dyetetisyèn otorize).</p>	Non	Wi
<p><b>Sèvis dyaliz</b> — dyaliz renal ki gen yon nesosite medikal e ki gen ladan tout sèvis, founiti, e analiz laboratwa òdinè ; epi gen tout fòmasyon pou dyaliz adomisil.</p>	Non	Non
<p><b>Ekipman medikal dirab (Durable Medical Equipment, DME)</b> — dyaliz renal ki gen yon nesosite medikal e ki gen ladan tout sèvis, founiti, e analiz laboratwa òdinè ; epi gen tout fòmasyon pou dyaliz adomisil.</p> <p>DME ki kouvri gen ladan, men pa sèlman,</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• pwodui absòban</li> <li>• ponp lèt tete</li> <li>• nitrisyon enteral e parantal</li> <li>• glikomèt e founiti pou dyabèt</li> <li>• ekipman pou mobilite e sistèm pou chita</li> <li>• kabann lopital e akseswa</li> <li>• aparèy kominikasyon ogmantatif e altènatif, sa gen ladan aparèy ki jenere lapawòl (speech generating devices, SGD) (wè annapre a, tablèt kòm aparèy ki jenere lapawòl [speech generating devices, SGD].)</li> </ul>	Wi	Non
<p><b>Sèvis entèvansyon annavans</b></p>	Non	Wi
<p><b>Sèvis planin familyal</b></p>	Non	Non
<p><b>Vèni fliyore</b> — vèni fliyore pedyat e lòt pwofesyonèl swen medikal ki kalifye pou sa (asistan medikal, enfimye / enfimye praktisyen, enfimye / enfimye otorize, e enfimye / enfimye oksilyè otorize) mete sou dan moun ki poko alaj 21 lane pandan yon konsiltasyon swen prevantif pedyatrik.</p>	Non	Non
<p><b>Plasman an gwoup nan fanmi dakèy pou adilt (Group Adult Foster Care, GAFC)</b> — sèvis ki baze nan kominote a e ki founi bay manm ki alaj 22 lane epi pi gran nan men yon èd swen dirèk GAFC e ki satisfè bezwen manm lan pou èd nan</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Aktivite lavi kotidyen (Activities of daily living, ADL) epi</li> <li>• Aktivite enstrimantral nan lavi kotidyen (Instrumental activities of daily living, IADL).</li> </ul> <p>Founisè GAFC a okipe siveyans enfimye / enfimye e jesyon swen pou sèvis ki founi bay manm lan.</p>	Non	Non
<p><b>Sèvis aparèy nan zòrèy pou tande</b></p>	Wi	Wi
<p><b>Sèvis sante adomisil</b> — sèvis swen kalifye e soutyen founi adomisib bay manm lan pou okipe bezwen li yo sou sa ki konsène swen spesyalize e aktivite konèks nan lavi kotidyen pou pèmèt manm lan rete an sekirite lakay li. Sèvis ki disponib gen ladan swen enfimye / enfimye konpetan, administre medikaman, èd adomisil e egòterapi, fizyoterapi, e òtofofi.</p>	Wi	Non

Sèvis MassHealth Standard e Commonwealth kouvri	Èske otorizasyon alavans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?	Èske referans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?
<b>Sèvis swen palyatif</b> — manm dwe pale sou opsyon nan swen palyatif yo gen avèk MassHealth oubyen avèk plan medikal pa yo a.	Non	Non
<b>Sèvis enfètilite</b> — dyagnostik enfètilite e tretman pwoblèm medikal soujasan.	Wi	Wi
<b>Sèvis nan sit izolman e retablisman</b> — sèvis yon manm resevwa nan yon sit izolman e retablisman. Sa se yon lokal tèlke yon otèl oubyen motèl ki gen kontra avèk EOHHS pou founi lojman sekirize e izole pou manm ki gen yon dyagnostik pou COVID-19.	Non	Non
<b>Sèvis laboratwa</b> — tout sèvis nesèsè pou dyagnostik, tretman, e prevansyon maladi, e pou rete byen pòtan.	Wi	Non
<b>MassHealth Coordinating Aligned, Relationship-centered, Enhanced Support (CARES) for Kids</b> — yon sèvis ki founi sèvis jesyon ka ki vize pou manm nan gwo risk ki poko alaj 21 lane e ki gen kompleksite medikal. MassHealth CARES for Kids ofri kowòdinasyon swen konplè e pèsonalize pou jèn yo e fanmi pa yo. Sèvis sa a founi nan sèten etablisman swen primè e spesyalize kote manm ki gen kompleksite medikal e poko alaj 21 lane resevwa swen medikal. Founisè MassHealth CARES for Kids ap sèvi kòm antite prensipal pou kowòdone swen rapid e endividalize nan sistèm sante, edikasyon, e ajans leta, e sèvis sosyal.	Non	Non
<b>Terapi nitrisyonèl medikal</b> — sèvis nitrisyon, dyagnostik, terapi e konsèy pou yon pwoblèm medikal ki founi pa yon doktè, dyetetisyen diplome, dyetetisyen / nitrisyonis diplome oubyen lòt pwofesyonèl sante konpetan diplome (pa egzanp, enfimye / enfimye otorize, asistan medikal, e enfimye / enfimye praktisyen).	Non	Wi
<b>Sèvis etablisman swen enfimye / enfimye</b> — sèvis nan yon etablisman swen enfimye / enfimye pou jiska 10 jou. Apre 100 jou nan yon etablisman swen enfimye / enfimye, manm yo ap transfere depi plan li genyen an pou gen MassHealth sèvis peyan pou l kontinye resevwa sèvis nan etablisman swen enfimye / enfimye. (Note byen : Manm ki resevwa tou sèvis lopital reyadaptasyon pou maladi kwonik [Chronic Disease Rehabilitation Hospital, CDRH] ap transfere apre 100 jou konbinezon sèvis CDRH e etablisman swen enfimye / enfimye.)	Wi	Non
<b>Sèvis òtetik</b> — aparèy ki pa pou dan oubyen lòt aparèy mekanik oubyen moule pou soutni oubyen korije tout defo nan fòm oubyen fonksyon kò moun.	Wi	Wi
<b>Ekipman pou terapi oksijèn e terapi respiratwa</b>	Wi	Non
<b>Edan nan swen pèsònèl</b> — sèvis pou ede manm nan aktivite avi kotidyen e aktivite enstrimantal nan lavi kotidyen. Pa egzanp, <ul style="list-style-type: none"> <li>• Benyen</li> <li>• Abiye</li> <li>• Mobilite / transfè</li> <li>• Yon seri mouvman pasif</li> <li>• Fè twalèt</li> <li>• Manje</li> <li>• Jesyon medikaman</li> </ul>	Wi	Non
<b>Sèvis podyatri</b> — sèvis pou swen pye.	Non	Wi

Sèvis MassHealth Standard e CommonHealth kouvri	Èske otorizasyon alavans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?	Èske referans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?
<p><b>Swen primè (founi pa yon manm PCC oubyen PCP) — gen kòm egzanp</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Konsiltasyon nan kabinè pou swen primè</li> <li>• Egzamen jinekoloji anyèl</li> <li>• Swen prenatal</li> <li>• Fòmasyon pou otojesyon dyabèt</li> <li>• Sèvis pou kanpe pran tabak</li> <li>• Vèni fliyore pou anpeche kari dan kay manm ki poko alaj 21 lane</li> </ul>	Non	Non
<p><b>Enfimyè / enfimyè nan sèvis prive / enfimyè / enfimyè kontini konpetan — vizit enfimyè / enfimyè pou plis pase de èdtan kontini nan sèvis enfimyè / enfimyè. Sèvis sa a ka founi pa yon ajans sante lakay, ajan swen enfimyè / enfimyè kontini konpetan, oubyen yon enfimyè / enfimyè endepandan.</b></p>	Wi	Non
<p><b>Sèvis pwotetik — aparèy ki pa pou dan pou ranplase swa yon pati ekstèn enferyè oubyen siperyè kò a ki pèdi poutèt yon anpitasyon oubyen malfòmasyon konjenital e k ap sèvi kòm ranplasman total yon manm oubyen yon atikilasyon.</b></p>	Wi	Wi
<p><b>Sèvis radyoloji e dyagnostik — gen kòm egzanp :</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Radyografi</li> <li>• Imajri nan rezonans mayetik (MRI) e lòt etid imajri</li> <li>• Sèvis radyasyon onkoloji nan sant radyasyon onkoloji (radiation oncology centers, ROC) ki endepandan yon lopital pou pasyan ki pa ospitalize e ki founi swen egi oubyen sèvis doktè.</li> </ul>	Wi	Wi
<p><b>Siveyans pasyan a distans (COVID-19 RPM) — sèvis gwoupe pou ede siveyans adomisil manm ki gen konfimasyon oubyen ki sispèk pou gen COVID-19 e ki pa bezwen nivo swen nan saldjans oubyen lopital men bezwen siveyans kontini depre. Gwoupman COVID-19 RPM lan gen ladan tout sèvis klinik ki gen yon nesese medikal pou ede gen sèt jou siveyans depre adomisil manm ki gen konfimasyon oubyen ki sispèk pou gen COVID-19.</b></p>	Non	Non
<p><b>Sèvis nan sant medikal nan lekòl — tout sèvis ki kouvri ki founi nan sant medikal nan lekòl (School Based Health Centers, SBHC).</b></p>	Wi	Wi
<p><b>Spesyalis — gen nan egzanp</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Konsiltasyon nan kabinè pou swen spesyalize</li> <li>• OB/GYN (li pa nesese pou gen referans pou swen prenatal e pou egzamen jinekoloji anyèl)</li> <li>• Terapi nitrisyonèl medikal</li> </ul>	Non	Wi
<p><b>Tablèt (pou itilize kòm aparèy ki jenere lapawòl(speech - generating devices, SGD) — lwa eta a prevwa yon kouvèti limite pou tablèt ki itilize kòm SGD pou sèten manm ki poko alaj 21 lane, ki gen yon dyagnostik pou twoub otistik (Autism Spectrum Disorder) epi gen yon gwo difikilte pou kominike e pou ki yon SGD medikalman nesese, e yon tablèt se aparèy ki pi apwopriye a. Si yon aparèy medikal kouvri kòm yon ekipman medikal dirab (Durable Medical Equipment, DME) (fabrike inikman pou rezon medikal) konvni pi byen, manm lan gendwa resevwa yon aparèy medikal ki pwodui lapawòl ki medikalman nesese. (Wè anwo a deskripsyon sou ekipman medikal dirab [Durable Medical Equipment, DME].)</b></p>	Wi	Non

Sèvis MassHealth Standard e CommonHealth kouvri	Èske otorizasyon alavans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?	Èske referans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?
<p><b>Sèvis terapi</b> — sèvis terapi gen evalyasyon dyagnostik e entèvansyon terapetik ki konsevwa pou amelyore, devlope, korije, reyadapte oubyen prevni agravasyon kapasite fonksyonèl e/ou maladi, blesi, oubyen twoub konjenital.</p> <p>Gen kòm egzanp</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Ègoterapi</li> <li>• Fizyoterapi</li> <li>• Ôtofofi</li> </ul>	Wi	Wi
<p><b>Sèvis pou kanpe pran tabak</b> — konsèy endividyèl e an gwoup sou kanpe konsomasyon tabak e medikaman pou sevrage tabak, sa gen ladan terapi pou ranplase nikotin (nicotine replacement therapy, NRT).</p>	Non	Non
<p><b>Sèvis klinik pou swen dijans</b></p>	Non	Non
<p><b>Sèvis konsèy sou vaksen</b></p>	Non	Non
<p><b>Perik</b> — jan yon doktè preskri e ki anrapò ka yon pwoblèm medikal.</p>	Wi	Non
<p><b>Sèvis depistaj, dyagnostik, e tretman (Screening, Diagnostic and Treatment, EPSDT) annavans oubyen peryodik pou manm ki poko alaj 21 lane</b></p>		
<p><b>Sèvis depistaj</b> — manm dwe al wè doktè swen primè (Primary Care Provider, PCP) a pou konsiltasyon swen prevantif menm si timoun lan byen pòtan. Nan kad konsiltasyon sa yo, PCP gendwa fè depistaj ki ka idantifye pwoblèm oubyen risk medikal. Gen nan depistaj sa yo tès fizik, mantal, devlopman, dan, tannman, viyon, e lòt depistaj pou wè si gen okenn pwoblèm. Konsiltasyon woutin kay founisè swen dan kouvri tou pou manm ki poko alaj 21 lane.</p>	Non	Non
<p><b>Sèvis dyagnostik e tretman</b> — sèvis tès dyagnostik founi kòm suivi lè yon risk idantifye. Tretman an itilize pou kontwòl, korije, oubyen diminye pwoblèm sante</p>	Wi	Wi
<p><b>Sèvis dan</b></p>		
<p><b>Ganiti pou moun majè</b> — ganiti konplè oubyen pasyèl, e ajisteman e reparasyon ganiti sa yo, pou manm alaj 21 lane oubyen pi gran.</p>	Non	Non
<p><b>Sèvis dyagnostik, prevantif, restoratif, e gwo sèvis dan</b> — itilize pou prevansyon, kontwòl, e tretman maladi dan e antretyen sante bouch e dan timoun e adilt.</p>	Non	Non
<p><b>Swen dan dijans</b></p>	Non	Non
<p><b>Chiriji bikal</b> — pou trete yon pwoblèm medikal, nan nenpòt ki kote ki founi sèvis, sa gen ladan men se pa inikman nan yon kad konsiltasyon pou pasyan ki pa ospitalize, tèlke yon chiriji anbilatwa oubyen yon lopital, klinik, oubyen kabinè pou pasyan ki pa ospitalize.</p>	Wi	Wi
<p><b>Sèvis doula</b></p>		
<p><b>Sèvis doula</b> — soutyen emosyonèl ki pa medikal, enfòmasyonèl, e fizik pou manm ki ansent, k ap akouche e apre akouchman.</p>	Wi	Non

Sèvis MassHealth Standard e CommonHealth kouvri	Èske otorizasyon alavans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?	Èske referans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?
<b>Sèvis transpò</b>		
<b>Sèvis transpò : Ijans</b> — transpò nan anbilans (ayeryen e terès) ki jeneralman pa prevwa men ki nesese si gen yon ijans. Sa yo gen ladan transpò pou swen spesyalize (sètadi transpò nan anbilans pou yon manm ki blese grav oubyen malad nan yon etablisman a yon lòt, ki neseseite swen odela swen anbilansye paramedikil).	Non	Non
<b>Sèvis transpò : Pa dijans</b> — transpò terès nan anbilans, machin fotèy, taksi, e transpò piblik pou transpòte yon manm nan yon destinasyon e ki soti nan yon sèvis ki kouvri.	Wi	Non
<b>Sèvis vizyon</b>		
<b>Swen vizyon</b> — gen ladan <ul style="list-style-type: none"> <li>• Egzamen zye konplè yon fwa chak lane pou manm ki poko gen 21 lane e yon fwa chak 24 mwa pou manm ki gen 21 lane e ki pi gran, epi chak fwa sa gen yon neseseite medikal</li> <li>• Fòmasyon nan vizyon</li> <li>• Pwotèz okilè ; lantiy kontak, lè sa gen yon neseseite medikal, nan kad yon tretman medikal pou yon pwoblèm medikal tèlke keratokòn</li> <li>• Lantiy pansman</li> <li>• Preskripsyon e dispans materyèl oftalmik, sa gen ladan linèt e lòt èd vizyèl, lantiy kontak pa ladan</li> </ul>	Wi	Wi
<b>Sèvis famasi</b>		
<b>Atik ki nan seksyon sa a kouvri jan li make sou lis medikaman MassHealth la. Li gendwa posib pou fè livrezon medikaman famasi nan yon domisil pèsònèl, sa gen ladan refij pou moun ki sanzabri.</b>		
<b>Medikaman konpoze</b>	Wi	Non
<b>Pwodui famasi ki pa medikaman</b>	Wi	Non
<b>Medikaman san preskripsyon</b>	Non	Non
<b>Medikaman preskripsyon</b>	Wi	Non
<b>Sèvis pou sante konpòtmantal</b>		
<b>Sèvis dejidisyarizasyon</b> — sèvis pou sante mantal e pwoblèm ki anrapò ak itilizasyon sibstans ki founi antanke solisyon rechanj klinikman apwopriye nan sèvis ospitalizasyon pou sante konpòtmantal pou ede yon manm k ap retounen nan kominote a apre yon ti plasman 24 è e pou founi yon soutyen entansif pou mentni fonksyon nan kominote a. Gen de kategori sèvis dejidisyarizasyon : sa ki founi nan yon etablisman ki louvri 24 è pa jou e sa ki founi nan yon etablisman ki pa louvri 24 è pa jou.		

Sèvis MassHealth Standard e CommonHealth kouvri	Èske otorizasyon alavans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?	Èske referans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?
<b>Sèvis dejidisyarizasyon ki pa 24 è pa jou</b>		
<p><b>Pwogram soutyen kominotè (Community Support Program, CSP) e pwogram CSP spesyalize (Specialized CSP Programs)</b> — sèvis pou sante konpòtmantal ki founi nan kominote a, anplwaye mobil parapwofesyonèl bay manm yo.</p> <p><b>Pwogram soutyen kominotè pou moun ki sanzabri (Community Support Program for Homeless Individuals, CSP-HI)</b> — yon sèvis CSP spesyalize pou okipe bezwen sosyal anrapò ak sante pou manm ki</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• sanzabri e ki souvan itilize sèvis sante egi nan MassHealth ; oubyen</li> <li>• sanzabri kwonik, jan sa defini nan US Department of Housing and Urban Development.</li> </ul> <p><b>Pwogram soutyen kominotè pou moun ki nan demele avèk lajistis (Community Support Program for Individuals with Justice Involvement, CSP-JI)</b> — yon sèvis CSP spesyalize pou okipe bezwen manm ki nan demele avèk lajistis ki gen obstak pou jwenn oubyen pou itilize toutan sèvis medikal e sèvis pou sante konpòtmantal.</p> <p><b>Pwogram prezèvasyon lokasyon pwogram soutyen kominotè (Community Support Program Tenancy Preservation Program, CSP-TPP)</b> — yon sèvis CSP spesyalize pou okipe bezwen manm ki nan risk pou yo sanzabri e ki nan risk pou degèpisman poutèt yon konpòtman ki anrapò ak yon andikap. CSP-TPP travay avèk manm lan, tribinal lojman e pwopriyete kote manm lan abite pou prezève lokasyon nan mete manm lan an kontak avèk sèvis kominotè yo pou rezoud pwoblèm soujasan ki lakòz vyolasyon bay la.</p>	Non	Non
<p><b>Pwogram entansif pou pasyan ki pa ospitalize (Intensive Outpatient Program, IOP)</b> — yon sèvis entansif nan klinik ki suiv egzeryat apre sejou pasyan ki ospitalize epi ede manm yo pa admèt ankò nan sèvis pasyan ki ospitalize epi ede yo retounen nan kominote a. Sèvis la founi tretman kowodone ki gen tout yon seri spesyalis.</p>	Non	Non
<p><b>Ospitalizasyon pasyèl (Partial Hospitalization, PHP)</b> — sèvis sa yo ofri pwogram sante mantal pou yon ti kantite tan, disponib sèt jou pa semèn, kòm yon solisyon altènatif pou malad ospitalize. Gen nan sèvis sa yo prizanchaj sikyatri jounalye.</p>	Wi	Non
<p><b>Pwogram tretman kominotè entansif (Program of Assertive Community Treatment, PACT)</b> — apwòch yon ekip tretman pou founi tretman, sansibilizasyon, reyadaptasyon, e soutyen kominotè pou sante mantal ki egi, aktif, epi alontèm. Sèvis sa a ede manm yo maksimize retablisman w, tabli objektif, epi la nan kominote a. Sèvis yo founi nan kominote a e yo disponib 24 è pa jou e sèt jou pa semèn, 365 jou nan lane, jan sa nesèsè.</p>	Non	Non
<p><b>Tretman sikyatri lajounen</b> — sèvis sante mantal pou manm ki pa bezwen ospitalize, men ki bezwen plis tretman pase konsiltasyon chak semèn. Tretman sikyatri lajounen gen ladan dyagnostik, tretman, e sèvis reyadaptasyon.</p>	Non	Non
<p><b>Antrenè nan retablisman</b> — yon sèvis ki pa klinik omològ founi e ki se omològ ki te gen pwoblèm avèk sibstans e gen sètifika antanke antrenè nan retablisman. Manm yo konekte avèk antrenè nan retablisman ki ede yo kòmanse suiv tretman. Antrenè nan retablisman sèvi tou kòm gid pou ede manm yo kontinye retabli epi rete nan kominote a.</p>	Non	Non
<p><b>Navigatè ki soutni retablisman (Recovery Support Navigator, RSN)</b> — sèvis kowòdinasyon swen spesyalize pou manm ki gen twoub itilizasyon sibstans. Sèvis sa ede manm yo jwenn epi resevwa tretman, sa gen ladan jesyon sevraj e tranzisyon, epi kontinye gen motivasyon pou tretman e retablisman.</p>	Non	Non



Sèvis MassHealth Standard e CommonHealth kouvri	Èske otorizasyon alavans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?	Èske referans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?
<p><b>Pwogram estriktire sou akoutimans pou pasyan ki pa ospitalize (Structured Outpatient Addiction Program, SOAP)</b> — sèvis pou pwoblèm itilizasyon sibstans ki entansif nan klinik e ki ofri nan yon kad estriktire lajounen oubyen leswa. Pwogram sa yo ka itilize pou ede yon tranzisyon yon manm apre pwogram ospitalizasyon pou twoub itilizasyon sibstans. Li ka itilize tou pou manm ki bezwen sèvis pi estriktire pou pasyan ki pa ospitalize e ki gen yon pwoblèm itilizasyon sibstans. Pwogram sa yo gendwa gen ladan sèvis spesyalize pou manm ki ansent, adolesan, epi adilt ki bezwen yon siveyans 24 è pa jou.</p>	Non	Non
<p><b>Sèvis dejidisyarizasyon 24 è pa jou</b></p>		
<p><b>Sèvis pou sante mantal e twoub nan itilizasyon sibstans itilize nan plas sèvis ospitalye pou pasyan ki ospitalize. Sèvis sa yo ede yon manm retounen nan kominote a apre yon sejou nan lopital, oubyen pou ede yon manm kontinye fonksyone nan kominote a.</b></p>		
<p><b>Sèvis tretman egi (Acute Treatment Services, ATS) pou twoub itilizasyon sibstans</b> — sèvis ki itilize pou trete twoub itilizasyon sibstans 24 è pa jou, sèt jou pa semèn. Gendwa gen nan sèvis yo evalyasyon, itilizasyon medikaman apwouve pou akoutimans, konsèy endividyèl epi nan gwoup, gwoup edikatif, e plan pou egzayat. Manm ki ansent resevwa sèvis spesyalize. Manm resevwa sèvis sipleman tè pou trete lòt pwoblèm nan sante mantal.</p>	Non	Non
<p><b>Sèvis soutyen klinik pou twoub ki anrapò ak itilizasyon sibstans</b> — sèvis tretman 24 è pa jou yo ka itilize yomenm oubyen apre sèvis tretman egi pou twoub itilizasyon sibstans. Gen nan sèvis yo edikasyon e konsèy, sansibilizasyon fanmi e moun pwòch, medikaman pou tretman twoub itilizasyon sibstans, referans nan swen primè e soutyen kominotè, e plan pou retabli. Manm ki gen lòt twoub nan sante mantal resevwa kowòdinasyon transpò e referans nan founisè pou swen mantal. Manm ansent resevwa kowòdinasyon nan swen obstetrik pa yo a.</p>	Non	Non
<p><b>Tretman egi kominotè pou timoun e adolesan (Community-Based Acute Treatment for Children and Adolescents, CBAT)</b> — sèvis entansif pou sante mantal nan yon etablisman sekirize, 24 è pa jou, avèk pèsonèl klinik pou asire sekirite timoun e adolesan. Tretman gendwa gen verifikasyon medikaman ; evalyasyon sikyatrik ; swen enfimye / enfimye ; tretman endividyèl pou mentni sekirite manm lan (siveyans depre) ; terapi endividyèl, an gwoup, e familyal ; jesyon ka ; evalyasyon e konsiltasyon familyal ; planifye egzayat ; e tè sikojojik. Sèvis sa a gendwa sèvis kòm altènatif oubyen tranzisyon sot nan sèvis pou pasyan ki ospitalize.</p>	Non	Non
<p><b>Stabilizasyon kominotè pou kriz (Community Crisis Stabilization, CCS)</b> — sèvis founi depreferans sèvis ospitalye pou pasyan ospitalize. Sèvis sa yo founi obsèvasyon e sipèvizyon manm yo 24 è pa jou.</p>	Non	Non
<p><b>Inite swen tranzitwa (Transitional Care Unit, TCU)</b> — yon pwogram tretman kominotè avèk gwo nivo sipèvizyon, estrikti, e soutyen nan yon kad ki pa klete. Sèvis sa a sèvi timoun e adolesan ki poko alaj 19 lane ki nan men Depatman timoun e fanmi (Department of Children and Families, DCF) ki bezwen plasman an gwoup oubyen nan yon fanmi dakèy, men ki pa bezwen ankò gwo nivo swen egi. Sèvis konplè sa a gen ladan yon kad terapetik, sikyatri, jesyon ka, e tretman avèk plizyè diferan spesyalis.</p>	Wi	Non

Sèvis MassHealth Standard e CommonHealth kouvri	Èske otorizasyon alavans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?	Èske referans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?
<p><b>Sèvis soutyen tranzitwa (Transitional Support Services, TSS) pou twoub itilizasyon sibstans</b> — yon pwogram rezidansyèl entansif pou jesyon ka e sikoedikatif akoutèm pandan 24 è, avèk swen enfimye / enfimye disponib pou manm ki gen twoub itilizasyon sibstans ki resaman dezentoksike oubyen stabilize e ki bezwen stabilizasyon tranzitwa siplemantè anvan yo plase nan yon pwogram rezidansyèl oubyen nan kominote a. Manm ki gen twoub sante fizik, sante mantal, e itilizasyon sibstans ki rive menm lè admisib pou kowòdinasyon transpò e referans nan founisè pou asire tretman pou pwoblèm sa yo. Manm ki ansent admisib pou kowòdinasyon swen obstetri pa yo a.</p>	Non	Non
<b>Sèvis reyadaptasyon rezidansyèl pou twoub itilizasyon sibstans</b>		
<p><b>Sèvis reyadaptasyon rezidansyèl pou adilt twoub itilizasyon sibstans</b> — sèvis pou twoub itilizasyon sibstans ofri nan yon kad rezidansyèl 24 è pa jou. Gen nan sèvis yo omwen senk è terapi endividyèl oubyen an gwoup chak semèn, jesyon ka, edikasyon, e reyadaptasyon baze nan rezidans lan. Sèten pwogram rezidansyèl sèvis manm ki ansent oubyen ki fèk akouche, e founi evalyasyon e jesyon bezwen jinekolojik, obstetrik, e lòt bezwen prenatal, epi ofri edikasyon sou konpetans nan levasyon, edikasyon sou devlopman timoun, soutyen paran, planin familyal, nitrisyon, ansanm ak opòtinite pou gwoup relasyon e devlopman paran e timoun. Manm resevwa kowòdinasyon transpò e referans bay founisè swen pou sante mantal pou asire tretman pou tout pwoblèm nan sante mantal.</p>	Non	Non
<p><b>Sèvis amelyore pou reyadaptasyon nan etablisman pou twoub ki asosye avèk itilizasyon sibstans</b> — sèvis yo founi nan yon kad striktire e sekirize 24 è pa jou nan kominote a. Sèvis sa yo soutni retablisman manm lan nan twoub itilizasyon sibstans e pwoblèm sante mantal ki ant modere e grav. Sèvis yo soutni yon retou nan kominote a e yon retou nan wòl sosyal, pwofesyonèl, e edikatif. Sèvis yo founi pou soutni retablisman. Gen disponib, sèvis klinik, nivo swen siplemantè pou pasyan ki pa ospitalize e aksè nan doktè pou preskri medikaman.</p>	Non	Non
<p><b>Sèvis reyadaptasyon rezidansyèl familyal pou twoub itilizasyon sibstans</b> — sèvis yo ofri nan yon kad rezidansyèl 24 è pa jou bay fanmi kote yon paran soufri twoub abi sibstans. Sèvis reyadaptasyon ki ede paran epi timoun founi ansanm ak soutyen konstan pou devlope e antretni konpetans entèpèsònèl e parantal pou soutni reyinifikasyon e stabilite familyal. Manm yo resevwa terapi, jesyon ka, edikasyon, e reyadaptasyon baze nan rezidans lan.</p>	Non	Non
<p><b>Sèvis reyadaptasyon rezidansyèl pou jèn moun nan laj tranzitwa e pou jèn adilt ki gen twoub itilizasyon sibstans</b> — sèvis yo founi pandan 24 è pa jou nan yon kad rezidansyèl bay jèn moun ki gen ant 16 a 21 lane oubyen pou jèn adilt ki gen ant 18 a 25 lane k ap retabli poutèt yon pwoblèm tafya oubyen dwòg. Gen nan sèvis yo terapi endividyèl oubyen an gwoup, jesyon ka, edikasyon, e reyadaptasyon baze nan rezidans lan. Manm resevwa tou kowòdinasyon transpò e referans bay founisè swen pou sante mantal pou tout pwoblèm nan sante mantal ki rive nan menm lè.</p>	Non	Non

Sèvis MassHealth Standard e CommonHealth kouvri	Èske otorizasyon alavans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?	Èske referans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?
<p><b>Sèvis reyadaptasyon rezidansyèl pou jèn moun ki gen twoub itilizasyon sibstans</b> — sèvis yo founi pandan 24 è pa jou nan yon kad rezidansyèl bay jèn moun ki gen ant 13 a 17 lane k ap retabli poutèt yon pwoblèm tafya oubyen dwòg. Gen nan sèvis yo terapi endividyèl oubyen an gwoup, jesyon ka, edikasyon, e reyadaptasyon baze nan rezidans lan. Manm resevwa tou kowòdinasyon transpò e referans bay founisè swen pou sante mantal pou tout pwoblèm nan sante mantal ki rive nan menm lè.</p>	Non	Non
<p><b>Sèvis pou pasyan ki ospitalize</b></p>		
<p><b>Sèvis ospitalye 24 è pa jou ki founi tretman, dyagnostik, oubyen toude pou twoub nan sante mantal e itilizasyon sibstans.</b></p>		
<p><b>Sèvis lajounen nesèsè sou plan administratif (Administratively Necessary Day, AND)</b> — jou sèvis pou pasyan ospitalize pou manm ki pare pou egzepat, men pa gen bon kad disponib. Gen nan sèvis yo sèvis klinik kontini ki apwopriye.</p>	Wi	Non
<p><b>Sèvis sante mantal pou pasyan ospitalize</b> — sèvis ospitalye pou evalye epi trete pwoblèm sikyatrik egi. Sèvis sa yo gendwa gen</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• sèvis sikyatrik spesyalize pou pasyan ospitalize pou timoun oubyen adolesan ki gen twoub newodevelopmantal e ki gen manifestasyon konpòtmantal grav nan twoub spèk otistik (Autism Spectrum Disorders, ASD) e andikap entelektyèl (Intellectual Disabilities, ID) epi twoub nan sante mantal ki rive menm lè ; e</li> <li>• sèvis sikyatrik spesyalize pou pasyan ki ospitalize bay manm ki resevwa yon dyagnostik pou twoub nan alimantasyon e ki gen bezwen sikyatrik e medikal grav nan etablisman sikyatrik spesyalize pou twoub nan alimantasyon.</li> </ul>	Non	Non
<p><b>Sèvis ospitalye pou pasyan ospitalize</b> — sèvis ospitalye pou pasyan ospitalize ki founi swen e tretman medikal bay manm ki gen bezwen sevraj konplèks, epitou pwoblèm sante medikal e konpòtmantal ki rive menm lè.</p>	Non	Non
<p><b>Kabann pou obsèvasyon e atant</b> — sèvis ospitalye ki sèvi pou evalye, stabilize, e idantifye resous pou manm yo pandan yon peryòd pou jiska 24 è.</p>	Non	Non
<p><b>Sèvis pou sante konpòtmantal pasyan ki pa ospitalize</b> — sèvis pou sante mantal e twoub ki asosye avèk itilizasyon sibstans ki founi an pèsòn nan yon kad swen pou pasyan ki pa ospitalize tèlke yon sant pou sante mantal oubyen yon klinik pou itilizasyon sibstans, yon depatman yon lopital pou pasyan ki pa ospitalize, yon sant medikal kominotè oubyen kabinè yon doktè. Sèvis yo gendwa founi tou lakay oubyen lekòl manm lan.</p> <p>Sèten founisè sèvis sa yo ofri è sipleman tè leswa oubyen nan wikenn nan swen ijan (Urgent Care) pou sante konpòtmantal. Yo ka ofri evalyasyon pou nouvo kliyan menm jou a oubyen nan landemen, randevou pou moun ki kliyan deja ki gen yon bezwen ijan sou sa ki konsène sante konpòtmantal nan menm jou a oubyen nan landemen, randevou pou medikaman nan 72 è apre premye evalyasyon an e randevou suivi nan 14 pwochen jou sivil yo.</p> <p>Sèvis sa yo gendwa founi tou nan yon sant swen konpòtmantal kominotè (community behavioral health center, CBHC). CBHC ofri sèvis sante mantal e twoub ki anrapò ak itilizasyon sibstans nan kriz, ijans, e woutin, kowòdinasyon swen, soutyen omològ, depistaj e kowòdinasyon avèk swen primè. Yon CBHC ap founi aksè nan sèvis nan menm jou e nan landemen e è sèvis pwolonje, tankou nan aswè e nan wikenn. Yon CBHC dwe founi sèvis bay adilt e jèn moun, tèlke tibebe e jèn timoun, epi fanmi yo. Wè tou "Sèvis nan kriz".</p>		
<p><b>Sèvis standa pou pasyan ki pa ospitalize</b> — sèvis pou pasyan ki pa ospitalize ofri pi souvan nan yon kad anbilatwa.</p>		
<p><b>Tretman akiponkti</b> — foure zegui metalik nan po a nan sèten pati nan kò a pou ede manm k ap kite, oubyen k ap refè apre akoutimans nan sibstans.</p>	Non	Non
<p><b>Jesyon anbilatwa pou sevraj</b> — sèvis pasyan ki pa ospitalize pou manm ki gen epizòd grav nan itilizasyon eksef sibstans oubyen konplikasyon an rapò ak sevraj lè ni lavi ni fonksyon enpòtan kò a nan danje.</p>	Non	Non

Sèvis MassHealth Standard e CommonHealth kouvri	Èske otorizasyon alavans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?	Èske referans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?
<b>Analiz konpòtmantal aplike (Applied Behavioral Analysis, ABA) pou manm ki poko alaj 21 lane</b> — yon sèvis pou yon manm ki poko alaj 21 lane ki gen yon dyagnostik pou twoub otistik (Autism Spectrum Disorder, ASD). Li itilize pou tretman konpòtmantal difisil ki entèfere avèk kapasite pou yon jèn moun fonksyone avèk siksè. Sèvis sa gen ladan evalyasyon konpòtmantal, entèpretasyon konpòtmantal, devlopman yon plan pou tretman, sipèvizyon e kowòdinasyon tretman, e fòmasyon paran pou rive nan objektif byen presi.	Wi	Non
<b>Evalyasyon pou plasman sekirize e apwopriye (Assessment for Safe and Appropriate Placement, ASAP)</b> — yon evalyasyon pou sèten jèn moun ki seksyèlman abizif oubyen mete dife ki sou lagad Depatman timoun ak fanmi (Department of Children and Families, DCF), e k ap egzeyate sot nan yon etablisman pasyan ospitalize oubyen sèten milye dejidisyarizasyon pou ale nan yon milye swen famiyal adomisil. Sèvis yo founi nan men yon founisè ASAP chwazi pa DCF.	Non	Non
<b>Konsiltasyon ka yo</b> — yon reyinyon ant founisè swen an e lòt founisè swen pou sante konpòtmantal, oubyen doktè premye swen manm lan, konsènan yon manm. Reyinyon an sèvi pou idantifye e planifye pou sèvis siplemantè, kowòdone oubyen revwa yon plan pou tretman, e revwa pwogrè manm lan.	Non	Non
<b>Kontak kolateral</b> — kominikasyon ant yon founisè e moun ki patisipe nan swen oubyen nan tretman yon manm ki poko alaj 21 lane. Founisè gendwa se pèsonèl lekòl e gadri, pèsonèl òganism leta, e pèsonèl ajans ki founi sèvis sosyal.	Non	Non
<b>Tretman koup / famiyal</b> — terapi e konsèy pou trete yon manm e patnè li a oubyen fanmi l nan menm seyans lan.	Non	Non
<b>Evalyasyon dyagnostik</b> — evalyasyon fonksyon yon manm, itilize pou fè dyagnostik e konsevwa yon plan pou tretman.	Non	Non
<b>Terapi konpòtmantal dyalektik (Dialectical Behavioral Therapy, DBT)</b> — tretman pasyan ki pa ospitalize ki gen ladan strateji sikoterapi konpòtmantal, koyitif, e soutyen pou manm ki gen sèten twoub, sa gen ladan manm ki gen twoub pèsonalite limite.	Non	Non
<b>Sèvis entèvansyon konpòtmantal entansif annavans (Early Intensive Behavioral Intervention, EIBI)</b> — founi bay timoun admisib ki poko alaj 3 lane e ki gen yon dyagnostik pou twoub otistik.	Wi	Non
<b>Konsiltasyon famiyal</b> — yon reyinyon avèk fanmi oubyen lòt moun ki enpòtan pou manm lan epi pou tretman yon manm. Reyinyon an sèvi pou idantifye e planifye pou sèvis siplemantè, kowòdone oubyen revwa yon plan pou tretman, e revwa pwogrè manm lan.	Non	Non
<b>Tretman an gwoup</b> — terapi e konsèy pou trete moun ki pa fanmi nan kad yon gwoup.	Non	Non
<b>Tretman endividyèl</b> — terapi oubyen konsèy pou trete yon moun an tètatèt.	Non	Non
<b>Vizit tranzisyon ant pasyan ospitalize e pa ospitalize</b> — konsiltasyon nan yon grenn seyans dirije pa yon founisè swen pasyan ki pa ospitalize pandan yon manm toujou nan inite swen sikyatri pou manm ki toujou ospitalize. Gen nan vizit sa a manm lan e founisè ki swen pasyan ospitalize a.	Non	Non
<b>Vizit pou tretman medikaman</b> — yon vizit pou evalye konvnan preskripsyon manm lan pou medikaman ki itilize pou bezwen sante, epitou pou bezwen siveyans yon sikyat oubyen yon enfime / enfimye klinik espesyalize pou detèmine si medikaman sa yo itil oubyen si yo gen efè segondè.	Non	Non

Sèvis MassHealth Standard e CommonHealth kouvri	Èske otorizasyon alavans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?	Èske referans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?
<b>Sèvis pou tretman opyoyid</b> — evalyasyon e tretman sipèvize yon manm, avèk èd medikaman Food and Drug Administration apwouve, epitou yon seri sèvis medikal e reyadaptasyon pou soulaje efè akoutimans opyase. Sa gen ladan tretman dezentoksikasyon e antretyen.	Non	Non
<b>Sèvis prevantif pou sante konpòtmantal</b> — entèkansyon akoutèm nan kad soutyen an gwoup, endividyèl oubyen famiyal pou kiltive konpetans nan adaptasyon e strateji pou sentòm deprim, anksyete, e lòt enkyetman sosyal oubyen emosyonèl ki ta gendwa anpeche devlopman pwoblèm nan sante konpòtmantal pou manm ki poko alaj 21 lane e ki gen yon depistaj pozitif pou sante konpòtmantal (oubyen, nan ka yon tibebe, yon edan ki gen yon depistaj pozitif sou deprim apre kouch), menm si manm lan pa satisfè kritè pou yon dyagnostik pou pwoblèm sante konpòtmantal.	Non	Non
<b>Konsiltasyon sikyatrik nan inite medikal pou pasyan opistalize</b> — yon reyinyon ant yon sikyat oubyen yon enfimye / enfimye klinik spesyalize nan pratik avanse avèk yon manm depi inite medikal la mande pou sa. Li itilize pou evalye eta mantal manm lan epi pou konsilte sou yon plan sante konpòtmantal, sa gen ladan bon medikaman, avèk pèsonèl medikal la.	Non	Non
<b>Tès sikolojik</b> — tès standa ki itilize pou evalye fonksyon koyitif, emosyonèl, newosikolojik, e vèbal yon manm.	Non	Non
<b>Tès sikolojik nan edikasyon timoun ki gen difikilte</b> — tès ki itilize pou elabore oubyen pou detèmine nesosite yon pwogram edikatif endividyèl (Individualized Educational Program, IEP) pou timoun.	Non	Non
<b>Sèvis entansif adomisil e nan milye kominotè pou jèn moun</b>		
<b>Sèvis entansif pou sante konpòtmantal founi bay manm yo nan yon kad kominotè</b>		
<p><b>Soutyen e fòmasyon famiyal</b> — yon sèvis ki founi bay paran oubyen moun k ap okipe yon jèn ki poko alaj 21 lane kote jèn lan rete. Objektif sèvis sa a se pou ede nan bezwen emosyonèl e konpòtman jèn lan nan amelyore kapasite paran oubyen moun k ap okipe jèn lan pou fè levasyon jèn lan. Sèvis gendwa gen edikasyon, èd pou idantifye e itilize resous ki disponib, pwomouvwa otonomizasyon, lyen nan soutyen omològ / paran e gwoup ki antrede, epi ankadreman e fòmasyon paran oubyen moun ki okipe jèn lan.</p> <p>(Referans obligatwa pou terapi pasyan ki pa ospitalize, terapi adomisil, oubyen kowòdinasyon swen entansif.)</p>	Non	Non
<p><b>Sèvis konpòtmantal lakay</b> — Sèvis sa a jeneralman gen ladan yon konbinezon terapi pou jesyon konpòtman e siveyans jesyon konpòtman, tankou :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Siveyans jesyon konpòtmantal</b> — sèvis sa a gen ladan mizannèv plan konpòtmantal la, siveyans konpòtman timoun lan, ranfòse plan an pa paran e moun k ap okipe timoun lan, epi fè rapò bay terapèt jesyon konpòtmantal la sou pwogrè nan objektif plan konpòtmantal la.</li> <li>• <b>Terapi jesyon konpòtmantal</b> — sèvis sa a gen ladan evalyasyon e devlopman yon plan konpòtmantal, e sipèvizyon e kowòdinasyon entèkansyon pou okipe pèfòmans oubyen objektif konpòtmantal presi. Sèvis sa a okipe konpòtman ki entèfere avèk bon fonksyonman timoun lan. Terapèt la devlope e siveye objektif e entèkansyon, sa gen ladan estrateji entèkansyon sizoka gen kriz, ki make nan plan tretman timoun lan. Terapèt la gendwa founi tou konsèy e èd akoutèm.</li> </ul>	Non	Non

Sèvis MassHealth Standard e CommonHealth kouvri	Èske otorizasyon alavans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?	Èske referans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?
<p><b>Sèvis terapi adomisil</b> — sèvis sa a pou timoun ki souvan founi nan yon apwòch annekip, gen ladan yon entèkansyon terapetik klinik e fòmasyon e soutyen terapetik parapwofesyonèl, tankou :</p> <p><b>Entèkansyon klinik terapetik</b> — yon relasyon terapetik ant yon klinisyen ki gen yon nivo metriz e timoun lan avèk fanmi l. Objektif la se trete bezwen sante mantal timoun lan nan amelyorasyon kapasite fanmi a pou soutni bon fonksyonman timoun lan nan fanmi a. Klinisyen an bati yon plan pou tretman e l travay avèk fanmi a pou amelyore rezolisyon pwoblèm, etablisman limit yo, kominikasyon e soutyen emosyonèl oubyen lòt fonksyon. Klinisyen kalifye a gendwa souvan travay avèk yon parapwofesyonèl sou fòmasyon e soutyen terapetik.</p> <p><b>Fòmasyon e soutyen terapetik</b> — yon sèvis parapwofesyonèl founi anba pèvizyon yon klinisyen nan nivo metriz pou soutni mizannèv plan tretman yon klinisyen diplome defason pou reyisi objektif plan tretman an. Moun sa a ki fòme travay avèk yon klinisyen ki gen yon metriz pou ka soutni yon plan pou tretman ki okipe sante mantal e difikilte emosyonèl timoun lan.</p>	Non	Non
<p><b>Kowòdinasyon swen entansif</b> — yon sèvis ki founi sèvis jesyon ka sible pou manm ki poko alaj 21 lane ki soufri twoub emosyonèl grav (serious emotional disturbance, SED). Sèvis sa a gen ladan evalyasyon, devlopman yon plan swen endividalize, referans, e aktivite konèks pou fè mizanplas plan swen an e pou siveye plan swen an.</p>	Non	Non
<p><b>Sèvis konsèy terapetik</b> — sèvis sa a ofri yon relasyon estriktire e endividyèl ant yon konseye terapetik e yon timoun oubyen adolesan ki poko alaj 21 lane. Objektif li se okipe bezwen lavi kotidyen, sosyal, e kominikatif. Objektif yo make nan yon plan tretman timoun lan oubyen adolesan an ansanm ak ekip tretman pa yo a tabli. Sèvis la gen ladan soutyen, konsèy, e fòmasyon timoun lan oubyen adolesan an nan konpòtman, kominikasyon, rezoud pwoblèm, rezoud konfli, e relasyon sen avèk lèzòt dapre laj timoun lan oubyen laj adolesan an. Konseye terapetik la travay nan etablisman tankou adomisil, lekòl, oubyen kominotè.</p>	Non	Non
<p><b>Sèvis nan kriz</b> — disponib sèt jou pa semèn, 24 è pa jou pou founi tretman pou tout moun ki gen yon kriz nan sante mantal. CBHC ka founi sèvis nan kriz.</p>		
<p><b>Entèkansyon mobil pou sitiyaasyon kritik (Adult Mobile Crisis Intervention, AMCI)</b> — founi evalyasyon, entèkansyon, stabilizasyon, e suivi pou jouk twa jou nan kominote a pou adilt. Sèvis AMCI disponib 24 è pa jou, sèt jou pa semèn, 365 jou nan yon lane epi sitiye sou sit CBHC a. Sèvis yo founi sou fòm repons mobil bay manm lan (sa gen ladan rezidans prive tou) epi founi nan telesante bay manm ki alaj 21 lane oubyen pi gran lè manm lan mande pou sa, oubyen sou demann liy asistans pou sante konpòtmantal lè sa klinikman apwopriye. AMCI ofri pwogram stabilizasyon nan kriz kominotè pou adilt avèk yon preferans kolokasyon sèvis.</p>	Non	Non
<p><b>Sèvis evalyasyon kriz nan sante konpòtmantal nan milye medikal egi</b> — evalyasyon kriz ki founi nan sèvis medikal e chirijikal pasyan ki ospitalize e sèvis dijans (emergency department, ED) pou manm k ap rive nan ED a poutèt yon kriz nan sante konpòtmantal. Eleman pou evalyasyon kriz gen nan yo</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Evalyasyon konplèt pou kriz nan sante konpòtmantal</li> <li>• Entèkansyon nan kriz</li> <li>• Plan egzeyat e kowòdinasyon swen</li> <li>• Rapò e kolaborasyon kominotè</li> </ul>	Non	Non

Sèvis MassHealth Standard e CommonHealth kouvri	Èske otorizasyon alavans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?	Èske referans obligatwa pou kèk oubyen pou tout sèvis?
<p><b>Sèvis jesyon kriz nan sante konpòtmantal nan milye medikal egi</b> — sèvis jesyon kriz ki founi bay manm yo nan sèvis medikal e chirijikal pasyan ki ospitalize e nan sèvis dijans. Eleman pou jesyon kriz gen nan yo</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Èntèvansyon nan kriz</li> <li>• Plan egzeyat e kowòdinasyon swen</li> <li>• Rapò kontini obligatwa e kolaborasyon kominotè</li> </ul>	Non	Non
<p><b>Entèvansyon mobil pou lajennès nan kriz (Youth Mobile Crisis Intervention, YMCI)</b> — yon sèvis akoutèm ki yon repons mobil, siplas, fasafas pou jèn ki poko alaj 21 lane e ki gen yon kriz nan sante konpòtmantal e avèk suivi pandan sèt jou. YMCI disponib 24 è pa jou, sèt jou pa semèn, 365 jou nan yon lane epi sitiye sou sit CBHC a. Sèvis yo founi kòm repons mobil pou manm lan (sa gen ladan rezidans prive) e nan telesante lè fanmi a mande pou li e li klinikman apwopriye. YMCI ap gen aksè nan sèvis estabilizasyon kominotè timoun ki gen kriz (youth community crisis stabilization, YCCS). YMCI dwe gen posiblite pou l aksepte lajennès ki antre volontèman nan etablisman an swa nan anbilans oswa ki depoze pa fòs delòd nan yon antre ki apwopriye.</p>	Non	Non
<b>Lòt sèvis pou sante konpòtmantal</b>		
<p><b>Terapi elektwo-konvilsif (Electro-Convulsive Therapy, ECT)</b> — yon tretman ki itilize pou trete deprim ki pa reyaji nan medikaman e sikoterapi. Tretman sa a deklanche yon kriz avèk enpilsyon elektrik pandan manm lan anba anestezi.</p>	Non	Non
<p><b>Stimilasyon mayetik transkranyen repetitif (Repetitive Transcranial Magnetic Stimulation, RTMS)</b> — yon tretman ki itilize pou trete deprim ki pa reyaji nan medikaman e sikoterapi. Nan tretman sa a, chan mayetik ki chanje rapid mete sou sèvo a apati yon fil ki aplike sou po tèt la.</p>	Wi	Non
<p><b>Siveyans depre</b> — sèvis tretman founi bay yon manm nan diferan kontèks 24 è pa jou, sou yon baz endividyèl, pou mentni sekirite manm lan.</p>	Wi	Non

## **Sèvis ki ekskli**

Sèvis oubyen founiti annapre yo pa kouvri nan MassHealth, amwenske yo nesesè medikalman oubyen jan sa endike.

- Chiriji estetik. Gen eksepsyon si MassHealth dakò li nesesè pou
  - trete domaj apre yon blesi oubyen maladi ;
  - rekonstri tete apre yon masektomi ; oubyen
  - lòt pwosedi MassHealth detèmine medikalman nesesè
- Tretman pou enfètilite. Sa gen ladan fètilizasyon invitwo (in-vitro fertilization, IVF) e pwosedi twonp entrafalòp gamèt (gamete intrafallopian tube, GIFT)
- Tretman eksperimantal
- Yon sèvis oubyen yon founiti ki pa founi pa founisè ou a oubyen MassHealth. Gen eksepsyon pou :
  - sèvis dijans
  - sèvis planin familyal
- Sèvis laboratwa ki pa kouvri
- Atik pou konfò pèsònèl tèlke klimatizè, radyo, telefòn, e televizyon
- Sèvis ki pa kouvri nan MassHealth, sofsi founisè endepandan an detèmine li medikalman nesesè pou manm MassHealth Standard oubyen MassHealth CommonHealth ki poko alaj 21 lane. Sèvis sa yo konsidere kòm sèvis ki kouvri nan kontra dapre egzijans depistaj, dyagnostik e tretman peryodik bonè (Early Periodic Screening, Diagnostic and Treatment, EPSDT).

## **Kontakte MassHealth**

Si w gen kesyon ou vle poze, telefonnen tanpri sèvis kliyantèl MassHealth la nan nimewo (800) 841-2900, TDD / TTY : 711, lendi pou vandredi, ant 8:00 a.m. jouk 5:00 p.m.